



**PENILAIAN AKHIR SEMESTER GANJIL
MI PSM SATRIYAN
TAHUN PELAJARAN 2021 / 2022**

**Mata Pelajaran : Bahasa Jawa
Kelas : 4A**

**Hari / Tanggal : Senin, 6 Desember 2021
Waktu : 30 menit**

I. Berilah tanda silang (x) pada huruf a,b,c atau d pada jawaban yang paling benar!

1. Geguritan yaiku
 - a. Puisi jawa gagrag anyar sing ora kaiket paugeran
 - b. Puisi jawa gagrag anyar sing kaiket paugeran
 - c. Puisi jawa gagrag lawas sing kaiket paugeran
 - d. Puisi jawa gagrag lawas sing ora kaiket paugeran
2. Strukture geguritan iku ana perangan.
 - a. 4
 - b. 5
 - c. 6
 - d. 7
3. Saben sapada geguritan, dumadi saka siji
 - a. Tema
 - b. Gagasan
 - c. Gagasan tambahan
 - d. Gagasan pokok
4. Tulung-tinulungan antarane tonggi teparo kanthi niyat ngentheng-ngenthengake gaweyan tegese podo karo
 - a. Gotong royong
 - b. Guyub rukun
 - c. Sumbang-asih
 - d. Dana driyah
5. Supaya ora kentekan bahan energy kita kudu gemi nggunakake.
Tembung gemi pada tegese karo ...
 - a. Awet
 - b. Boros
 - c. Utuh
 - d. Irit
6. Pertamina, pertalite, uga batu bara mujudake energy kanga sale saka
 - a. Omahan
 - b. Bumi
 - c. Pabrik
 - d. Manungso
7. Pacelathon tegese
 - a. Rembukane wong 2 utawa luwih ngenani saweneh bab
 - b. Beda karo percakapan utawa dialog ing basa Indonesia
 - c. Ing basa Indonesia diarani drama utawa teater
 - d. Pangudarasane pawongan ngenani sawenehe bab

8. Manut undha usuk ing basa jawa kaperang dadi loro yaiku
- Krama lugu lan karma inggil
 - Basa ngoko lan basa karma
 - Ngoko lugu lan ngoko alus
 - Karma lugu lan karma alus
9. Pacelathon antarane wong tua marang bocah migunakake basa
- Ngoko lugu
 - Ngoko alus
 - Krama lugu
 - Karma alus
10. Bapak : “ Dar, kowe wis mangan?”
Darno : “.....”
Ukara kang trep kanggo njangkepi pacelathon ing duwur mau
- Inggih, sampun pak
 - Ya, pak wis
 - Inggih, pak wis
 - Ya, pak sampun
11. Budhe badhe Pundi? Tembung sing trep kanggo njangkepi ukara kasebut yaiku
- Lunga
 - Kesah
 - Tindhak
 - Wangsul
12. Kanggo niteni teks pacelathon yaiku
- Nggunakake ukara kang ngambrawara
 - Mung nggunakake ukara cerita
 - Katulis kanthi wujud dialog
 - Diparagani dening wong siji
13. Basa ngoko ana loro, yaiku ngoko lugu lan
- Ngoko kasar
 - Ngoko krama
 - Karma alus
 - Ngoko alus
14. Yen kowe lagi crita karo kancamu, nganggo basa
- Krama lugu
 - Krama alus
 - Ngoko lugu
 - Ngoko alus
15. Crita rakyat yaiku
- Crita jaman saiki sing ngrembaka ing masyarakat kanthi digethok tularake sacara lisan
 - Crita jaman saiki sing ngrembaka ing masyarakat kanthi digethok tularake sacara tulisan
 - Crita jaman biyen sing ngrembaka ing masyarakat kanthi digethok tularake sacara tulisan
 - Crita jaman biyen sing ngrembaka ing masyarakat kanthi digethok tularake sacara lisan
16. Crita andhe-andhe lumut saka daerah
- Nganjuk
 - Kediri
 - Tuban
 - Semarang

17. Underane crita uga diarani.....
 - a. Tema
 - b. Alur
 - c. Latar
 - d. Wejangan
18. Dongeng kang nyritakake asal-usule sawijining panggonan diarani
 - a. Mitos
 - b. Legenda
 - c. Sage
 - d. Fabel
19. Dongeng kang nyritakake ngenani donyane kewan-kewan diarani
 - a. Mitos
 - b. Legenda
 - c. Sage
 - d. Fabel
20. Nilai utawa pesen moral kang kinandut ing jroning crita diarani
 - a. Tema
 - b. Alur
 - c. Amanat
 - d. latar

Wacanen crita ing ngisor iki kanggo njawab pitakon nomer 21-22!

Ing sawijining dina, Kancil lagi luru-luru panganan ana ing alas. Nanging merga musim kemarau, panganan ing alas padha entek kabeh. Kancil dikandani Wedhus yen ning sebrang alas ana alas sing durung kejamah kewan liyane, lan pangananane iseh akih. Banjur ora mikir dowu, Kancil mara ing sebrang alas.

Sak wise tekan pinggir alas, dheweke weruh woh ace sing pating gemandhul abang lan padha tibo ing ngisore. Angel kayane Kancil nyebrang alas kuwi amarga dipisahke karo kali, lan jerone kali ana Bayane akih. Dhelok Kancil ana ing pinggir kali dadike para Baya seneng lan ora sabar mangan Kancil.

21. Sapa paraga ing crita duwur kui ?
 - a. Kancil lan baya
 - b. Wedhus
 - c. Ing pinggir kali
 - d. Ing sawijining dina
22. Neng endi kancil golek panganan ?
 - a. Ing kali
 - b. Ing alas
 - c. Ing lapangan
 - d. Ing sawah
23. Para leluhur kita pancen wis kondhang yen makarya tansah guyub
 - a. Kemanhil
 - b. Tentrem
 - c. Kerja
 - d. Rukun
24. Teks narasi isine
 - a. Nggambarake proses kedadean
 - b. Nyritakake proses kedadean
 - c. Nyritakake kahanane objek
 - d. Nggambarake kahanane objek

25. Langkah sepisan nalika ngarang narasi yaiku
- Nemtokake tema
 - Nemtokake setting
 - Nemtokake alur
 - Nemtokake paraga
26. Tulisan sing gagasan pokok e diandharakake kanti cara nggambarakake objek, panggonan, utawa, kedadean, nganti sing maca rumangsa kaya nyawang utawa ngalami dhewe objek sing digambarake penulis, diarani
- Narasi
 - Argumentasi
 - Deskripsi
 - Eksposisi
27. Tukang nabuh gamelan diarani
- Niyaga
 - Montir
 - Dalang
 - Juragan
28. Tukang ndandani mesin diarani
- Kondektur
 - Montir
 - Parekan
 - Algojo
29. Tukang gawe barang wesi diarani
- Algojo
 - Sekater
 - Sudagar
 - Pandhe
30. Tukang olah-olah diarani
- Merbot
 - Wiyaga
 - Koki
 - Sinden